



Pwogram Biwo Jistis Sivil New York pou bay yon Aksè Inivèsèl nan Sèvis Jiridik pou Lokatè ki Fè Fas ak Menas Degèpisman.

An 2017, Konsèy Minisipal Vil New York la te pase lwa lokal 136, ki kodifye kounye a kòm Chapit 13 Tit 26 nan Kòd Administratif Vil New York, yo rele tou lwa istorik Vil New York sou dwa pou gen yon reprezantan, ki bay Biwo Jistis Sivil la (Office of Civil Justice, OCJ) responsablite pou bay aksè nan sèvis jiridik pou lokatè ki fè fas ak menas degèpisman nan tribinal lojman oswa nan fen kontra lwaye yo nan pwosedi administratif Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA). Lwa a egzijze pou Kowòdonatè Jistis Sivil la fè yon odyans piblik chak ane pou resevwa rekòmandasyon ak fidbak sou pwogram sa yo.

KILÈ EPI KI KOTE ODYANS LAN AP FÈT?

Vendredi 24 Fevriye 2023

6 P.M. rive 9 P.M.

Akoz COVID-19, odyans lan pral fèt a distans sou Zoom

KIJAN MWEN KAPAB PATISIPE?

Nenpòt moun ka patisipe nan odyans piblik la sou entènèt oswa pa telefòn. Ou ka bay kòmantè oswa fidbak sou aksè inivèsèl nan pwogram Sèvis Jiridik la pa:



Odyans Piblik

Ou kapab enskri pou pale nan odyans piblik la lè w rele **929-221-5662** oswa lè w voye yon imèl bay civiljustice@hra.nyc.gov nan dat 23 Fevriye 2023 oswa anvan. Yo ap rele moun ki ap pran lapawòl yo selon lòd yo te enskri a epi yo ap kapab pale pou jiska twa (3) minit.

Anliy (videyo ak odyo):

Ale sou <https://us02web.zoom.us/j/85298306596pwd=TGFQV0p0S1lvd2pVQzZuTXZyLzFPZzO9>

Oswa ale sou [Zoom.us](https://zoom.us). Klike sou "Join a Meeting" *Patisipe nan yon Reyinyon*.

Antre **kòd Reyinyon 852 9830 6596 ak modpas: DSS**

Nan Telefòn (odyo sèlman):

Rele nan **(646) 876-9923**. Lè yo mande w, antre **ID Reyinyon: 852 9830 6596 ak Modpas: 326620**



Kourye Lapòs Ou kapab voye nan mèl kòmantè alekri yo bay:

Office of Civil Justice / ATTN: HEARING COMMENTS
NYC DSS Office of Legal Affairs
150 Greenwich Street, 38th Floor
New York, NY 10007



Imèl Ou kapab voye nan mèl kòmantè alekri yo bay civiljustice@hra.nyc.gov.

Tanpri mete "Hearing comments" (Kòmantè sou Odyans la) kote ki pou make sijè imèl la.

DELÈ POU VOYE KÒMANTÈ ALEKRI YO SE 24 FEVRIYE 2023

SI OU BEZWEN ÈD POU PATISIPE NAN ODYANS LAN, tankou yon entèprèt oswa yon aranjan rezonab akòz yon andikap ou genyen, ou dwe di nou sa anvan **23 Fevriye 2023**. Rele nou nan **929-221-5662**; voye imèl bannou nan civiljustice@hra.nyc.gov; oswa di nou sa nan mèl nan adrès ki pi wo a.

YON TRANSKRIPSYON ODYANS LAN ap disponib pou piblik la sou sit entènèt OCJ a, nyc.gov/civiljustice, kèk semèn apre odyans lan.

Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan sit entènèt OCJ a, nyc.gov/civiljustice